

Edikatè yo pataje sa yo te gen tan konnen ak nouvo bagay yo aprann etant y ap fè travay yo nan lòt lekòl.

Yo pwofesyonèl.

Yo idantifye yo ak misyon edikasyon FeJ genyen an.

## Edikatè FeJ yo, yo n modèl pou n imite

Yo patisipe nan lavi kominote yo ladann nan.

Yo toujou ap fòme tèt yo epi reflechi sou fason yo ye ak sou sa yo pratike.

Yo met tèt ansanm ak lòt moun pou jere lekòl yo.

Yo montre yo dispoze aprann nouvo bagay epi evalye travay y ap fè a.

Yo angaje yo nan sekirize espas kote elèv yo ye a epi nan fè elèv yo bay bon rezilta.

